

Pa Prezidan Thomas S. Monson

Don diven gratitud la

Yon kè rekonesan . . . vini atravè ekspri gratitud nou anvwè Papa nou ki nan Syèl la pou benediksyon l yo ak anvwè moun ki bò kote nou pou tout sa yo pote nan lavi nou.

Sa sete yon bèl sesyon. Lè m te siple kòm Prezidan Legliz la, mwen te di: “M ap bay tèt mwen yon responsablite. M pral vin yon konseye pou Kè Tabènak la.” Mwen fyè anpil de koral mwen an!

Manman m te di m yon fwa: “Tommy, mwen fyè pou tout sa ou akonpli. Men mwen gen yon kòmantè pou ou. Ou te dwe rete sou pyano a.”

Konsa mwen te ale sou pyano e mwen te jwe yon mizik pou li: “Men nou la, [men nou la] nan yon fèt anivèsè.”¹ Apresa mwen te bo li sou fwon, epi li te anbrase mwen.

Mwen sonje li. Mwen sonje papa m. M panse ak tout Otorite Jeneral yo ki te enfluyans lavi m yo, ak lòt moun, enkli vèv mwen te konn vizite yo—85 nan yo—avèk yon poul pou yo mete nan fou a, pafwa yon ti lajan pou pòch yo.

Mwen te vizite youn byenta yon jou swa. Li te minui, e mwen te ale nan mezon retrèt li a, epi resepsyonis la te di: “Mwen si ke l dòmi, men li te di m pou m reveye li, paske l te di ‘M konnen l ap vini.’”

Mwen te kenbe men li; li te site non mwen. Li te byen reveye. Li te bo men

mwen epi l te di: “Mwen konnen w t ap vini.” Kijan m ta ka fè pa vini?

Bèl mizik la touche m fason sa a.

Frè ak sè byeneme m yo, nou sot tandè mesaj enspire sou verite, espèrans, ak lanmou. Panse nou tounen vè li menm ki te ekspye pou peche nou yo, ki te montre nou fason pou viv ak jan pou priye, epi ki te demonstre pa pwòp aksyon pa li benediksyon ki genyen nan sèvis—li menm Senyè ak Sovè nou an, Jezikri.

Nan liv Lik la, chapit 17, nou li konsènan li:

“Epi se te konsa, pandan Jezi te nan chemen pou l al Jerizalèm, li t ap pase sou fwontyè ki separe peyi Samari ak peyi Galile a.

“Antan l t ap antre nan yon bouk, dis moun ki te gen maladi lalèp vin kontre li. Yo rete kanpe byen lwen.

“Yo pale byen fò, yo di l konsa: Jezi, Mèt, gen pitye pou nou.

“Lè Jezi te wè yo, li te di: Al fè prèt yo wè nou. Pandan yo ta prale, yo te geri.

“Epi youn ladan yo ki te wè li geri te tounen sou wout li, li t ap fè lwanj Bondye byen fò pou tout moun te tandè,

“Epi li te lage kò l atè nan pye Jezi, li te di l mèsi. Nonm sa a sete yon moun Samari.

“Jezi te pran lapawòl, li te di l: nou toulèdis te geri, pa vre. men kote nèf lòt yo?

“Sete etranje sa a sèlman ki te sonje pou l vin fè lwanj Bondye.

“Epi li te di l: Leve non. Ou mèt ale. Lafwa ou nan Bondye fè w geri.”²

Atravè entèvansyon divin, moun ki te gen lalèp yo te epaye de yon lanmò gout pa gout, kriyèl epi yo te jwenn yon nouvo chans pou viv. Gratitud youn ladan yo te ekspri a te merite yon benediksyon nan men Mèt la, engratitud nèf lòt yo te montre a te fè l desi.

Frè m ak sè m yo, èske nou sonje pou n di mèsi pou benediksyon nou resevwa yo? Remèsye sensèman non sèlman ede nou rekonèt benediksyon nou yo, men sa ede louvri pòt syèl yo tou epi ede nou santi lanmou Bondye.

Bon zanmi mwen, Prezidan Gordon B. Hinckley te di: “Lè nou mache avèk gratitud, nou pa mache avèk awongans ni vanite ni egoyis; nou mache avèk yon espri remèsiman ki vin fè pati de nou epi k ap beni lavi nou.”³

Nan liv Matye a nan Bib la, nou gen yon lòt resi sou gratitud, fwa sa a ekspri pa Sovè a. Pandan l t ap vwayaje nan dezè a pandan twa jou, plis pase 4.000 moun te suiv li epi vwayaje avèk li. Li te gen konpasyon pou yo, paske yo pa t manje pandan tout twa jou yo. Sepandan, disip li yo te poze l kesyon: “Nan dezè sa a, ki bò pou nou jwenn pen pou bay tout moun sa yo manje?” Menmjan ak anpil nan nou, disip yo te wè sèlman sa k te manke a.

“Epi Jezi te mande yo: Konbyen pen

nou genyen? Epi [disip yo] te reponn: Nou gen sèt pen ak kèk ti pwason.

“Lè sa a [Jezi] te fè foul moun yo chita atè.

“Li te pran sèt pen yo ak pwason yo, li *di Bondye mèsè*, li te kase yo an moso, li te remèt yo bay disip yo, epi disip yo te mache bay tout moun.”

Note ke Sovè a te di mèsè pou sa l te genyen—epi yon mirak te suiv: “Epi tout moun te manje plen vant yo. Disip yo te plen sèt panye pote ale ak moso ki te rete yo.”⁴

Nou tout konn fè eksperyans moman kote nou fokis sou sa nou manke, olye nou panse ak benediksyon nou yo. Epiktèt, yon filozòf grèk te di: “Moun ki saj la pa plenyen pou bagay li pa genyen, men li rejwi pou sa li genyen yo.”⁵

Gratitid se yon prensip diven. Senyè a te deklare, nan yon revelasyon li te bay Pwofèt Joseph Smith:

“Nou dwe remèsye Senyè Bondye nou an nan tout bagay. . . .

“Epi lòm pa ofanse Bondye nan anyen, oubyen kòlè Bondye pa limenkont okenn moun, eksepte moun ki pa konfese men l nan tout bagay.”⁶

Nan Liv Mòmmon an, yo di nou pou nou “viv nan remèsiman chak jou, pou tout mizèrikòd ak benediksyon li vide sou nou.”⁷

Kèlkeswa sityasyon nou, nou chak gen anpil bagay ki dwe fè nou rekonesan si nou fè yon ti kanpe pou panse ak benediksyon nou yo.

Sa a se yon tan mèveye pou yon moun sou tè a. Pandan ke gen anpil bagay ki pa bon nan mond lan jodia, gen anpil bagay ki dwat ak bon tou. Gen maryaj ki reyisi, gen paran ki renmen pitit yo epi ki fè sakrifis pou yo, zanmi ki sousye pou nou epi ki ede nou, enstriktè k ap anseye. Lavi nou beni nan fason nou pa ka konte.

Nou kapab edifye tèt nou, ak lòt moun tou, lè nou refize tonbe nan domèn panse negatif epi kiltive yon atitid gratitid andedan kè nou. Si engratitid konte pami peche ki pi grav yo, enben, gratitid plase pami vèti ki pi nòb yo. Gen yon moun ki te di ke “gratitid se non sèlman pi gwo nan

vèti yo men se paran tout lòt yo tou.”⁸

Kijan nou ka kiltive yon atitid gratitid andedan kè nou? Prezidan Joseph F. Smith, sizyèm Prezidan Legliz la, te bay yon repons. Li te di: “Moun ki rekonesan an wè anpil bagay nan mond lan ki fè l rekonesan, e pou li, gen plis byen nan mond lan pase mal. Lanmou depase jalouzi, epi limyè voye fènwa deyò nan lavi li.” Li te kontinye: “Lògèy detwi gratitid nou epi li mete egoyis nan plas li. Ala nou pi byen nan prezans yon moun ki rekonesan ak eman, e ala nou dwe fè atansyon pou kiltive, atravè kanal yon lavi lapriyè, yon atitid rekonesan anvè Bondye ak anvè lòm!”⁹

Prezidan Smith ap di nou la a ke yon lavi lapriyè se kle pou posede gratitid.

Èske byen materyèl fè nou gen kè kontan ak rekonesan? Petèt pou yon ti moman. Sepandan, bagay ki bay bonè ak gratitid dirab ak pwofon yo se bagay lajan pa kapab achte: fanmi nou, levanjil la, bon zanmi, sante nou, kapasite nou, lanmou nou resevwa nan men moun ki bò kote nou. Male-rezman, sa yo se kèk nan sa nou kite tèt nou pran kòm bagay ki nòmval.

Otè Anglè a ki rele Aldous Huxley a te ekri: “Pi fò kreyen vivan gen yon kapasite prèske enfini pou pran bagay yo pou nòmval.”¹⁰

Nou souvan pran pou nòmval moun menm ki pi merite gratitid nou yo. Annou pa tann jis lè l twò ta pou nou ekspri gratitid sa a. An palan de moun ki chè pou li ke l te pèdi, yon fi te deklare ke l te regrèt nan fason sa a: “Mwen sonje epòk lajwa sa yo e souvan mwen swete m ta ka chichote nan zòrèy moun sa yo ki mouri yo gratitid yo te merite nan lavi a, ke yo pa t resevwa a.”¹¹

Pèt yon moun ki chè pou nou prèske inevitableman pote kèk regrè nan kè nou. Annou diminye kalite santiman sa yo osi souvan ke sa imènman posib nan toujou ekspri lanmou nou ak gratitid nou pou yo. Nou pa janm konnen kilè li ka vin twò ta.

Konsa, yon kè rekonesan, vini atravè ekspri gratitid nou pou Papa nou ki nan Syèl la pou

benediksyon l yo ak pou moun ki bò kote nou pou tout sa yo pote nan lavi nou. Sa mande gwo efò—omwen jiskaske nou vrèman aprann ak kiltive yon atitid rekonesans. Souvan nou santi nou rekonesan epi *nou gen dezi* pou ekspri remèsiman nou men nou bliye fè sa oubyen nou jis pa pran tan pou nou fè li. Gen yon moun ki te di ke “santi gratitid epi pa ekspri li se tankou vlope yon kado epi ou pa bay li.”¹²

Lè nou rankontre pwoblèm ak difikilte nan lavi nou, li souvan difisil pou nou fokis sou benediksyon nou yo. Sepandan, si nou fouye fon epi nou byen gade, n ap kapab santi ak rekonèt ki kantite nou te resevwa.

M ap pataje avèk nou yon istwa sou yon fanmi ki te kapab jwenn benediksyon nan mitan pwoblèm serye. Sa se yon istwa mwen te li sa gen kèk ane e m kenbe l poutèt mesaj li bay la. Li te ekri pa Gordon Green epi li te pibliye nan yon revyè Ameriken sa gen plis pase senkant an.

Gordon di kijan li te grandi nan yon fèm nan Kanada, kote li menm ak frè ak sè li yo te oblije kouri ale lakay yo lè yo te soti lekòl pandan ke lòt timoun yo te rete ap jwe boul oubyen yo t al naje. Sepandan, papa yo te gen kapasite pou te ede yo konprann ke travay yo te vo yon bagay. Sa te espesyalman vrè apre tan rekòt, lè fanmi an te konn selebre Aksyon-degras, paske nan jou sa a papa yo te ba yo yon gwo kado. Li te fè yon envantè sou tout sa yo te genyen.

Nan jou maten fèt ‘Aksyon-degras’ la, li te konn mennen yo nan sousòl kay la kote gen barik pòm, dwoum bètwouj, pil pake kawòt nan sac, ak pil sak pòm detè, ansanm avèk pwa, mayi, bonbon, frèz, ak lòt konsèy fwi ak legim ki te plen etajè yo. Li te konn fè timoun yo konte chak bagay avèk swen. Apresa yo te soti ale nan depo deyò a pou yo te wè ki kantite pay yo te genyen ak ki kantite grenn yon te genyen nan konsèy. Yo te konn konte bèf, kochon, poul, kodenn ak zwa yo. Papa yo te di li te vle wè kijan yo te kanpe, men

yo te konnen ke an reyalyte li te vle yo reyalize, nan jou selebrasyon sa a, konbyen Bondye te beni yo epi rekonpanse pakèt èdtan yo te pase ap travay yo. Finalman, lè yo te konn chita pou festen manman yo te prepare a, yo te santi benediksyon yo.

Sepandan, Gordon te di ke 'Aksyondegras' li te sonje ak plis rekonesans lan sete ane ki te sanble pa t gen anyen pou yo te santi rekonesans pou li a.

Ane a te byen kòmanse: yo te gen pay ki te rete, anpil semans, kat pòte kochon; epi papa yo te gen yon ti lajan sere pou ke yon jou li te achte yon machin pou leve ak transpòte pay—yon bèl machin ke pifò fèmme te reve pou yo posede. Sete ane elektrisite te rantre nan vil yo a tou—menmsi se pa t lakay yo, paske yo pa t ka ofri tèt yo sa.

Yon jou swa manman Gordon t ap fè lesiv; papa l te rantre epi l te vin fè tou pa li nan lave epi l te di madanm ni pou l t al pran yon ti repo epi fè kwòchè. Li te di: "Ou pase plis tan ap lave pase w dòmi. Èske w panse ke nou ta dwe sispann sa epi pran elektrisite a?" Malgre ke lide a te parèt atiran, ti dlo te soti nan je li lè l te panse ak machin nan yo te bezwen achte a.

Konsa yo te antre elektrisite nan zòn yo a ane sa a. Malgre ke se pa t anyen sofistike, yo te achte yon machin alave ki te travay tout lajounen poukont li ak bèl anpoul ki te klere nan plafon an. Yo pa t gen lanp ranpli ak lwuil ankò, ni bwa pou yo te koupe ankò, ni chemine pou netwaye. Yo te voye lanp yo nan grenye a san pale.

Rantre elektrisite nan fèm yo a sete prèske dènye bon bagay ki te rive yo ane sa a. Egzakteman lè plant yo te kòmanse pouse soti nan tè a, lapli te kòmanse tonbe. Lè lapli a te finalman pase, pa t gen yon plant ki te rete. Yo te plante ankò, men plis lapli te fè plant yo antre nan tè a. Pòm detè yo te pouri nan labou. Yo te vann yon pè bèf ak tout kochon yo ak lòt bèt yo te gen entansyon kenbe yo, e yo pa t jwenn anpil kòb pou yo paske tout moun te oblije fè menm bagay la. Tout sa yo te rekòlte ane sa a sete

yon pake navè ki te siviv anba tanpèt yo.

Epi sete yon lòt Aksyondegras. Manman yo te di: "Petèt li ta bon si n pa ta fete l ane sa a. Nou pa menm gen yon zwa ki rete."

Sepandan, jou maten Aksyondegras la, papa Gordon te parèt avèk yon lapen epi l te mande madanm ni pou kuit li. Ak retisans li te kòmanse travay la, li te di ke li ta pral pran anpil tan pou kwit vyann di sa a. Lè l te finalman mete l sou tab la avèk kèk nan navè ki te siviv yo, timoun yo te refize manje. Manman Gordon te kriye, epi lè sa a, papa l te fè yon bagay etranj. Li te monte nan grenye a; li te pran yon lanp plen luil, li te mete l sou tab la epi l te limen li. Li te di timoun yo pou yo te etenn limyè yo. Lè sete lanp la ki te rete limen sèlman, yo pa t ka kwè ke l te konn fè nwa konsa anvan sa. Yo te mande tèt yo kijan yo te janm fè konn wè san bèl limyè elektrisite a te pote a.

Yo te beni manje a, epi tout moun te manje. Lè dine a te fini, yo tout te chita an silans. Gordon te ekri:

"Nan limyè pal vye lanp lan nou te kapab wè klè ankò. . . .

"Sete yon bèl manje. Lapen an te gen menm gou ak kodenn, epi gou navè yo sete pi bon gou nou te ka raple nou. . . .

". . . Lakay [nou] . . . , malgre tout sa l te manke yo, te si rich [pou] nou."¹³

Frè m ak sè m yo, eksprime gratitud se yon bagay janti ak onorab; aji avèk gratitud se yon bagay nòb ak plen jènwozite; men viv avèk gratitud toujou nan kè nou se touche syèl la.

Pandan m ap fini maten sa a, priyè mwen se pou ke anplis tout lòt bagay nou rekonesan pou yo yo, nou dwe toujou montre gratitud nou pou Senyè nou ak Sovè nou an, Jezikri. Levanjil gloriye l la ba nou repons pou pi gwo kesyon lavi yo: Ki kote nou soti? Poukisa nou isit la? Ki kote lespri nou ale lè nou mouri? Levanjil sa a pote pou tout moun k ap viv nan fènwa yo limyè verite divin nan.

Li te anseye nou kijan pou n priye. Li te anseye nou kijan pou nou viv. Li

te anseye nou kijan pou nou mouri. Lavi li se yon eritaj lanmou. Li te geri malad yo; li te fè kokobe yo mache; li te sove pechè a.

Finalman, li te kanpe poukont li. Kèk nan Apot yo te doute; youn te trayi li. Sòlda women yo te pèse bò kòt li. Foul moun ankòlè yo te pran lavi li. Sepandan, soti sou mòn Gòlgota a, pawòl konpatisan sa yo te sonnen: "Papa, padone yo; paske yo pa konn sa y ap fè."¹⁴

Kiyès nonm lapenn sa a, . . . ki te nan soufrans sa a te ye?¹⁵ "Kiyès ki wa laglwa a,"¹⁶ Senyè tout Senyè yo sa a? Li se Mèt nou. Li se Sovè nou. Li se Pitit Gason Bondye a. Li Responsab pou Sali nou. Li di nou, "Suiv mwen."¹⁷ Li enstwi nou: "Ale epi fè menm bagay la tou."¹⁸ Li sipliyè nou: "Respekte kòmandman m yo."¹⁹

An nou suiv li. An nou imite egzanp li. An nou obeyi pawòl li. Lè nou fè sa, nou ba li don divin gratitud la.

Priyè sensè mwen se pou nou kapab, nan lavi endividyèl nou, reflekte bèl vèti gratitud sa a. Se pou li penetre andedan nanm nou, kounyeya e pou tout tan. Nan non sakre Jezikri, amèn.

NÒT

1. John Thompson, "Birthday Party," *Teaching Little Fingers to Play* (1936), 8.
2. Lik 17:11-19.
3. *Teachings of Gordon B. Hinckley* (1997), 250.
4. Gade Matye 15:32-38; italik ajoute.
5. *The Discourses of Epictetus; with the Encheiridion and Fragments*, trans. George Long (1888), 429.
6. Doktrin ak Alyans 59:7, 21.
7. Alma 34:38.
8. Cicero, in *A New Dictionary of Quotations on Historical Principles*, sel. H. L. Mencken (1942), 491.
9. Joseph F. Smith, *Gospel Doctrine*, 5th ed. (1939), 263.
10. Aldous Huxley, *Themes and Variations* (1954), 66.
11. William H. Davies, *The Autobiography of a Super-Tramp* (1908), 4.
12. William Arthur Ward, in Allen Klein, comp., *Change Your Life!* (2010), 15.
13. Adapte soti nan H. Gordon Green, "The Thanksgiving I Don't Forget," *Reader's Digest*, Nov. 1956, 69-71.
14. Lik 23:34.
15. Ezayi 53:3.
16. Sòm 24:8.
17. Matye 4:19.
18. Lik 10:37.
19. Jan 14:15.

Ansèyman pou epòk pa nou an

Leson Prèttriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou katriyèm Dimanch yo rezève pou “Ansèyman pou epòk pa nou an.” Chak leson kapab prepare apati youn oswa plis diskou yo te bay nan dènye konferans jeneral la. Prezidan pye ak distri yo kapab chwazi ki diskou yo dwe itilize, oubyen yo ka bay evèk yo ak prezidan branch yo responsablite sa a. Dirijan yo dwe mete aksan sou enpòtans pou frè nan Prèttriz Mèlkisedèk yo ak sè Sosyete Sekou yo etidye menm diskou yo nan menm jou Dimanch yo.

Yo ankouraje moun k ap asiste leson katriyèm Dimanch yo pou yo etidye ak pote dènye revi konferans jeneral la nan klas la.

Sigjesyon pou prepare yon leson apati diskou yo

Priye pou Sentespri a kapab avèk ou pandan w ap etidye ak anseye diskou (yo). Ou gen dwa

eseye prepare leson an avèk lòt materyèl, men diskou konferans yo se yo menm ki apwouve pou sa. Tach ou se pou ede lòt moun yo aprann ak viv levanjil la jan yo anseye l nan dènye konferans jeneral la nan Legliz la.


Repase diskou yo, pandan w ap chèche prensip ak doktrin ki reponn ak bezwen chak manm ki nan klas la. Epitou, chèche istwa, referans ekriti, ak deklarasyon nan diskou yo ki ap ede ou anseye verite sa yo.

Fè yon rezime sou fason pou anseye prensip ak doktrin yo. Rezime w la dwe enkli kesyon k ap ede manm klas yo:

- Chèche prensip ak doktrin ki nan diskou yo.
- Panse sou siyifikasyon yo.
- Pataje konpreyansyon, ide, eksperyans, ak temwayaj.
- Aplike prensip ak doktrin sa yo nan lavi yo.

MWA	MATERYÈL POU LESON KATRIYÈM DIMANCH
Novanm 2010– Avril 2011	Diskou bibliye nan <i>Lyawona</i> * Novanm 2010.
Me 2011– Oktòb 2011	Diskou bibliye nan <i>Lyawona</i> * Me 2011 la.

*Diskou sa yo disponib (nan plizyè lang) nan conference.lds.org.



Pa Prezidan Dieter F. Uchtdorf
Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan

Konsènan bagay ki pi enpòtan yo

Si lavi a ak vitès li ak pil strès li yo rann difisil pou w santi w anvi rejwi, enben, petèt jodia se yon bon moman pou w refokis sou bagay ki pi enpòtan yo.

Li ekstraòdinè pou wè kijan nou kapab aprann konsènan lavi a lè n ap etidye lanati. Pa egzanp, syantis yo kapab gade wonn nan pyebwa yo epi devine abilman kijan klima ak kondisyon yo te grandi yo te ye dè santè e menm dè milye ane pase. Youn nan bagay nou aprann lè n ap etidye devlopman pyebwa sèkè pandan sezon kote kondisyon yo ideyal, pyebwa yo grandi nan vitès nòminal. Sepandan, nan sezon kote kondisyon pou grandi yo pa ideyal, pyebwa yo ralanti devlopman yo epi yo konsakre enèji yo sou eleman debaz nesèsè pou yo siviv yo.

Nan pwèn sa a kèk nan nou gen dwa ap mande tèt nou: “Tout sa bon e trè byen pou konnen men, ki rapò sa genyen avèk fè yon avayon vole?” Enben, kite m di nou.

Èske nou pa janm nan yon avyon k ap travèse zòn sekous? Koz sekous ki pi komen an se yon chanjman toudenkou nan mouvman lè a ki lakoz aparèy la panche, devye, ak monte desann. Malgre avyon yo konstwi

pou yo reziste kont pi gwo sekous pase nenpòt sa nou ka rankontre nan yon vòl regilye, sa kapab toujou twouble pasaje yo.

Kisa nou sipoze pilòt yo fè lè yo rankontre avèk yon sekous? Yon pilòt etidyan kapab panse ke ogmante vitès se yon bon estrateji paske sa pral fè l travèse zòn sekous la pi vit. Men se kapab move bagay pou fè a. Pilòt pwofesyonèl yo konprann ke gen yon vitès ideyal pou penetre yon sekous ki ap diminye efè negatif sekous la. Epi pafwa sa vle di redui vitès ou. Menm prensip la aplike pou polis kouche ki sou wout yo tou.

Pa konsekan, se yon bon konsèy pou n ralanti yon ti kras, rete sou wout la, epi konsantre sou bagay ki esansyèl yo lè n ap fè eksperyans kondisyon difisil yo.

Vitès Lavi Modèn nan.

Se yon leson senp, men fondaman- tal pou aprann. Sa gen dwa parèt lojik lè n ap pale de pyebwa oswa sekous,

men sa etonan pou wè kijan l fasil pou nou iyore leson sa a lè moman vini pou n aplike prensip sa yo nan lavi chak jou nou. Lè nivo anksyete yo monte, lè detrès parèt, lè trajedi frape, twò souvan nou tante pou nou kenbe menm vitès la oswa menm akselere, an pansan ke plis nou ale vit, se pi vit nou pral soti ladan yo.

Youn nan karakteristik lavi modèn nan sanble ke n ap deplase ak yon vitès enkontwolab, kèlkeswa ajitasyon an oswa obtaks yo.

Annou onèt, li sanble pi fasil pou nou okipe. Nou tout kapab panse ak yon lis responsablite ki ap depase orè nou. Gen moun ki ka menm panse ke potansyalite yo depann sou longè lis bagay pou yo fè yo. Yo ranpli tan lib yo avèk lis reyinyon ak ti detay—menm nan tan strès ak fatig. Paske yo konplike lavi yo san nesèsite, yo souvan santi fristrasyon yo ogmante, lajwa yo diminye, epi yo vin wè lavi yo pa fè sans.

Yo di ke nenpòt vèti, si yo pouse l alektrèm, kapab vin tounen yon vis. Chaje orè nou chak jou ap sètènman kalifye nou pou sa. N ap rive nan yon pwèn kote akonplisman yo ka vin pyèdachopman epi anbisyon yo ka vin pwalou nan kou nou.

Kisa solisyon an ye?

Moun ki saj yo konprann epi aplike leson wonn pyebwa yo ak sekous nan lè a. Yo reziste anba tantasyon pou tonbe nan vitès san fren lavi chak jou a. Yo suiv konsèy ki di, “Gen plis pou fè nan lavi pase ogmante vitès li”.¹ Anfèt, yo konsantre yo sou bagay ki pi enpòtan yo.

Nan yon konferans jeneral ki fèk sot pase, Èldè Dallin H. Oaks, te

anseye “Fòk nou renonse ak yon seri bon bagay pou nou ka chwazi lòt ki meye oswa pi bon paske yo devlope lafwa nan Senyè Jezikri ak fòtifye fanmi nou.”²

Chèche pi bon bagay gide nou inevitableman nan prensip fondamantal yo nan levanjil Jezikri a—verite senp ak bèl ki revele pou nou pa yon Papa ki nan Syèl la ki eman, etènèl, epi ki konn tout bagay. Doktrin ak prensip esansyèl sa yo, malgre yo senp ase pou yon ti moun konprann, founi repons pou kesyon ki pi konplèks lavi yo.

Gen yon bote ak klote ki soti nan senplisite ke nou pafwa pa apresye nan swaf nou pou solisyon ki konplike.

Pa egzanzp, sa pa t pran tan apre ke astwonòt ak kosmonòt yo te fè tou tè a pou yo te reyalize ke plim bik yo pa ta p kapab fonksyone nan lespas. Epi konsa, kèk moun ki trè entelijan t al travay pou rezoud pwoblèm nan. Sa te pran dè milye èdtan ak dè milyon dola, men alafen, yo te devlope yon plim ki te ka ekri nenpòt kote, nan nenpòt tanperati, ak sou prèske nenpòt sifas. Men kijan astwonòt yo ak kosmonòt yo te fè jistan yo te rezoud pwoblèm nan? Yo te senpleman itilize yon kreyon.

Leonardo da Vinci te fe remake ke “senplisite se dènye nivo sofistika-syon.”³ Lè nou gade prensip fondamantal plan bonè a, plan sali a, nou kapab rekonèt ak apresye, nan klète li ak senplisite li, elegans ak bote sajès Papa nou ki nan Syèl la. Apresa, viv lavi nou jan li mande nou an se kòmansman sajès nou.

Pouvwa bagay fondamantal yo.

Listwa rakonte ke antrenè foutbòl lejandè a, Vince Lombardi, te gen yon rit li te konn pratike nan premye jou antrenman li. Li te konn kenbe yon balon, montre atlèt ki t ap jwe jwèt depi plizyè ane yo li, epi l te konn di: “Mesye. . . sa se yon balon foutbòl!” Li te konn pale sou gwosè ak fòm ni, sou fason yo ka choute li, woule li, oswa pase li. Li te mennen ekip la deyò teren vid la epi l te konn di: “Sa se yon teren foutbòl.” Li te mache toutotou li avèk yo, pandan l ap dekri dimansyon

li, fòm ni, règ yo, ak kijan jwèt la jwe.⁴

Antrenè sa a te konnen ke menm jwèks eksperimante sa yo, ak ekip la anfèt, te ka vin gran sèlman si yo metrize prensip fondamantal yo. Yo te ka pase tan yo ap pratike trik jwèt konplike, men si yo pa metrize prensip fondamantal yo nan jwèt la, yo pa p janm vin yon ekip chanpyon.

Mwen panse ke pifò nan nou ensentivman konprann kijan prensip fondamantal yo enpòtan. Se senpleman ke nou pafwa vin distrè pa sitèlman anpil bagay ki parèt pi atiran.

Materyèl enprime, divès sous medya, aparèy ak materyèl elektwonik—ki itil si yo itilize yo kòrèkteman—kapab vin move distraksyon oswa chanm izolasyon ensansib.

Men, nan mitan pakèt vwa ak chwa sa yo, enb Mesye Galile a kanpe avèk bra l li louvri, l ap tann. Li gen yon mesaj senp: “Vini, suiv mwen.”⁵ E li pa p pale nan yon gwo mikwo men avèk yon ti vwa piti.⁶ Li si fasil pou mesaj debaz levanjil la pèdi nan mitan delij enfòmasyon k ap tonbe sou nou tout kote yo.

Ekriti sent yo ak pawòl pwofèt vivan yo mete aksan sou prensip ak doktrin fondamantal levanjil yo. Rezon ki fè nou retounen sou prensip fondamantal sa yo, nan doktrin pi yo, se paske yo se pòt pou ale nan verite ki gen siyifikasyon pwofon. Yo se pòt pou eksperimante enpòtans siblim sa ki otreman t ap depase kapasite nou pou konprann. Prensip debaz senp sa yo se kle pou viv an amoni avèk Bondye ak lòm. Yo se kle pou louvri fenèt syèl yo. Yo mennen nou nan lapè, lajwa, ak konpreyansyon Papa nou ki nan Syèl la te pwomèt pitit li yo ki koute ak obeyi l yo.

Chè frè m ak sè m yo, li ta bon pou nou ta fè yon ti ralanti, pou nou pase nan vitès ideyal pou sikonstans nou yo, konsantre sou sa ki enpòtan, leve je nou, epi vrèman gade bagay ki pi konte yo. An nou atantif ak prensip fondamantal Papa nou ki nan syèl la bay pitit li yo, ki pral poze baz yon lavi mòtèl ki rich ak pwodikatif avèk pwomès bonè etènèl. Yo pral anseye

nou pou fè “tout bagay sa yo . . . nan lasajès ak nan lòd, paske li pa nesese pou [nou] kouri plis pase kouraj [nou]. [Men], li nesese pou nou dilijan, pou nou kapab ranpòte viktwa a.”⁷

Frè m ak sè m yo, fè bagay ki pi enpòtan yo avèk dilijans ap mennen nou vè Sovè mond lan. Se poutèt sa “nou pale konsènan Kris la, nou pran plezi nan Kris la, nou preche konsènan Kris la, nou pwofetize konsènan Kris la, . . . pou pitit nou yo kapab konnen nan ki sous pou yo chèche padon pou peche yo.”⁸ Nan konpleksite, konfizyon, ak mache prese lavi modèn nan, sa se “fason ki pi ekselan an.”⁹

Kidonk kisa ki prensip fondamantal yo?

Lè nou tounen vè Papa nou ki nan Syèl la epi nou chèche sajès li konsènan bagay ki pi enpòtan yo, nou plis an plis aprann enpòtans kat relasyon kle yo: avèk Bondye nou an, avèk fanmi nou, avèk pwochen nou, epi avèk tèt nou. Pandan n ap evalye pwòp lavi nou avèk yon lespri dispoze, n ap wè ki kote nou te derape soti nan wout ki pi ekselan an. N ap vin gen pi bon konprann, epi n ap vin rekonèt sa ki bezwen fèt pou piri-fye kè nou ak rekonsantre lavi nou.

Toudabò, relasyon nou avèk Bondye pi sakre ak vital. Nou se pitit lespri li. Li se Papa nou. Li vle bonè nou. Amezi n ap chèche li, amezi n ap aprann sou Pitit Gason l lan, Jezikri, amezi n ap louvri kè nou pou enfluyans Sentespri a, lavi nou ap vin pi solid ak pi an sekirite. N ap vin gen pi gwo lapè, lajwa, ak akonplisman pandan n ap fè pi byen nou kapab pou n viv selon plan etènèl Bondye a ak respekte kòmmandman li yo.

N ap amelyore relasyon nou avèk Papa nou ki nan Syèl la nan aprann konnen li; nan kominike avèk li, nan repanti pou peche nou yo, epi aktivman suiv Jezikri; paske “Okenn moun pa p kapab al jwenn Papa a, san li pa pase pa [Kris] la.”¹⁰ Pou fòtifye relasyon nou avèk Bondye nou bezwen pase tan siyifikan avèk li. Konsantre nou trankilman sou priyè pèsonèl ak etid ekriti chak jou, toujou chèche

rete diy pou nou gen yon rekòmandasyon tanp ki valid—bagay sa yo se envestisman saj nan tan nou ak efò nou pou rapwoche pi pre Papa nou ki nan Syèl la. An nou koute envitasyon ki nan Sòm nan “Kanpe! epi sonje se mwen menm ki Bondye.”¹¹

Dezyèm relasyon kle nou se avèk manm fanmi nou. Etandone “pa gen okenn lòt siksè ki ka ranplase echèk”¹² isit la a, nou dwe plase pi gwo priyorite nou sou fanmi nou. Nou bati relasyon famiyal pwofon ak eman nan fè bagay senp yo ansanm, tankou manje ansanm, sware famiyal, ak nan amize nou ansanm. Nan relasyon famiyal *lanmou* reyèlman eple *t-a-n*, tan. Pran tan youn pou lòt se kle pou amoni nan kay la. Nou youn pale avèk lòt, olye ke nou youn pale sou lòt. Nou kapab aprann youn nan men lòt e nou apresye diferans nou yo osibyen sa nou gen anko-men. Nou etabli yon lyen diven youn avèk lòt lè nou pwoche kot Bondye ansanm atravè priyè famiyal, etid levanjil la, ak adorasyon jou Dimanch.

Twazyèm relasyon kle nou genyen se avèk pwochen nou. Nou bati relasyon sa a avèk yon moun alafwa—nan sansib pou bezwen lòt moun, sèvi yo, ak nan bay tan nou ak talan nou. Mwen te pwofondeman enpresyone pa yon sè ki te chaje avèk pwoblèm laj ak maladi men ki te deside ke malgre li pa t ka fè anpil, li ta ka koute.

Epi konsa, chak semèn, li te chèche jwenn moun ki te parèt twouble oswa dekouraje, epi li te pase tan avèk yo, ap koute yo. Ala yon bendiksyon sa te ye nan lavi anpil moun.

Katriyèm relasyon kle a se avèk tèt nou. Sa gen dwa parèt etranj pou n panse gen yon relasyon avèk tèt nou, men se vre. Gen moun ki pa kapab dakò avèk tèt yo. Yo kritike tèt yo oubyen yo diminye tèt yo tout lajounen jiskaske yo kòmanse rayi tèt yo. Kite m sijere pou nou redui vitès la epi pran yon ti tan anplis pou chèche konnen tèt nou pi byen. Mache nan lanati, gade solèy la k ap leve, jwi kreyasyon Bondye yo, medite sou verite levanjil retabli yo, epi chèche wè kisa yo vle di pou ou pèsònèlman. Aprann gade tèt ou tankou Papa nou ki nan Syèl la wè ou—kòm pitit fi oswa pitit gason presye ki gen potansyèl diven.

Rejwi nan levanjil pi a.

Frè m ak sè m yo, se pou nou saj. An nou vire vè dlo doktrin pi levanjil retabli Jezikri a. An nou gèman pataje yo nan senplisite yo ak klète yo. Syèl yo louvri ankò. Levanjil Jezikri a sou tè a yon fwa ankò, epi verite senp li yo se yon sous lajwa abondan!

Frè m ak sè m yo, anfèt, nou gen gwo rezon pou nou rejwi. Si lavi ak mache prese li ak pil strès li yo rann ni difisil pou nou santi nou anvi rejwi,

enben, petèt jodia se yon bon moman pou nou rekonsantre nou sou sa ki pi enpòtan yo.

Fòs vini non pa nan aktivite san kontwòl men nan byen chita sou yon fondasyon limyè ak verite fèm. Li vini nan plase atansyon nou ak efò nou sou prensip debaz yo nan levanjil retabli Jezikri a. Li vini nan pote atansyon ak bagay diven ki pi konte yo.

An nou senplifye lavi nou yon ti kras. An nou fè chanjman nesèsè yo pou nou rekonsantre lavi nou sou bote siblim senp, chemen enb disip Kris la—chemen ki toujou mennen nan yon lavi ki gen sans, ki gen lajwa ak lapè. Pou sa mwen priye, pandan m ap kite benediksyon m pou nou, nan non sakre Jezikri, amèn.

NÒT

1. Mahatma Gandhi, in Larry Chang, *Wisdom for the Soul* (2006), 356.
2. Dallin H. Oaks, “Good, Better, Best,” *Liahona*, Nov. 2007, 107.
3. Leonardo da Vinci, in John Cook, comp., *The Book of Positive Quotations*, 2nd ed. (1993), 262.
4. Vince Lombardi, in Donald T. Phillips, *Run to Win: Vince Lombardi on Coaching and Leadership* (2001), 92.
5. Lik 18:22.
6. Gade 1 Wa 19:12.
7. Mozya 4:27.
8. 2 Nefi 25:26.
9. 1 Korentyen 12:31; Etè 12:11.
10. Jan 14:6.
11. Sòm 46:10.
12. J. E. McCulloch, *Home: The Savior of Civilization* (1924), 42; gade tou Conference Report, Avr. 1935, 116.